

Tretman ekstèn pou COVID-19

Tretman ak terapi ekstèn pou COVID-19 ka redwi anpil risk pou devlope COVID-19 grav.

Tretman pou COVID-19 lè sentòm yo lejè toujou ka redwi anpil risk pou devlope COVID-19 grav epi ede w vin pi byen pi vit. Tretman sa yo disponib nan Mass General Brigham ak nan [lokal tretman Depatman Sante Piblik Massachusetts](#).

[Pasyan ki gen plis risk](#) pou yo vin gen COVID-19 grav yo elijib pou tretman. Yo sitèlman ankouraje pasyan ki gen plizyè [kondisyon medikal](#) oswa ki pa pran vaksen konplè oswa ki pa ajou sou vaksen yo pou yo mande sou tretman.

Tanpri gade anba a pou plis detay konsènan opsyon tretman ekstèn pou COVID-19. [CDC gen enfòmasyon tou sou opsyon tretman pou pasyan ekstèn.](#)

Tretman antiviral oral pou COVID-19 Paxlovid ak Lagevrio

Yo pran tretman antiviral oral nan bouch pou trete sentòm COVID-19 lejè a modere. Paxlovid te apwouve fòmèlman pa Administration Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA - an Anglè) nan 25 me 2023. FDA te bay yon otorizasyon pou itilizasyon dijans (EUA) pou [Lagevrio](#) (molnupiravir). Tou de medikaman sa yo se tretman efikas pou enfeksyon COVID-19.

Ki lè yo itilize Paxlovid ak Lagevrio?

Yo itilize Paxlovid ak Lagevrio pou pasyan ki gen sentòm tankou nen k ap koule, tous, oswa gòj fè mal nan COVID-19. Yo pa itilize yo pou prevansyon, sa vle di pou pasyan ki te ekspozè a COVID-19 men ki pa gen viris la. Yo konsidere Paxlovid kòm yon ti jan pi efikas, byenke pafwa akòz entèraksyon dwòg, oswa lòt pwoblèm, yo dwe itilize Lagevrio.

Ou ka resewva Paxlovid ak Lagevrio sèlman lè w gen COVID-19. Ekip klinik ou a pa otorize pou yo preskri medikaman sa yo 'sizoka' ou teste pozitif pandan yon vwayaj oswa yon lòt lè sa ta ka itil.

Ki jan yo bay Paxlovid ak Lagevrio?

Toude Paxlovid ak Lagevrio se grenn ke yo pran pa bouch de fwa pa jou pandan 5 jou. Yo disponib sou preskripsyon sèlman.

Ki lè yo ta dwe bay Paxlovid oswa Lagevrio?

Ou ta dwe pran Paxlovid ak Lagevrio le pli vit ke ou gen sentòm yo. Ou ka sèlman kòmanse pran yo pandan 5 premye jou depi sentòm yo kòmanse. Si sentòm ou yo deja amelyore, tretman an ka pa nesèsè.

Èske mwen ka pran Paxlovid oswa Lagevrio si mwen te vaksinen epi answit mwen te kontrakte COVID-19?

Wi. Tretman sa yo disponib pou tout moun ki gen enfeksyon COVID-19 ki gen risk pou maladi grav.

Si mwen pa te pran vaksen, èske mwen ka pran Paxlovid oswa Lagevrio?

Wi. Tretman antiviral yo itil sitou si ou pa te pran vaksen an.

A ki pwen tretman antiviral oral sa yo efikas?

Chèchè nan Mass General Brigham ak lòt lopital yo te dekouvri ke Paxlovid diminye chans pou yon moun ta entène lopital oswa pou li mouri akòz COVID-19 pa 45 a 80%. Lagevrio diminye chans pou yon moun entène lopital oswa pou li mouri akòz COVID-19 a anviwon 30% epi li diminye dire maladi a de 3 a 5 jou. Nou gen mwens enfòmasyon kounye a etandone anpil moun vaksinen, men toulede efikas.

Kiyès ki elijib pou Paxlovid?

Terapi Paxlovid disponib pou pasyan ki gen laj 12 an oswa plis ki:

- Peze omwen 40 kilogram (yon ti kras plis pase 88 liv) EPI
- Gen sentòm COVID-19 E
- Nan lespas 5 jou depi lè sentòm yo kòmanse
- Gen yon [kondisyon sante](#) ki fè yo gen plis chans pou yo sibi yon enfeksyon COVID-19 grav.

Paxlovid ka reyaji avèk lòt medikaman. Tanpri fè ekip swen w la konnen tout medikaman ak sipleman w ap pran yo.

Paxlovid pa ta dwe itilize san diskisyon espesifik ak ekip swen ou a si ou:

- Te sibi yon transplantasyon epi ou dwe pran tacrolimus, cyclosporine, everolimus, oswa sirolimus
- Gen maladi grav nan ren oswa fwa
- Bezwen sèten medikaman antikowagilan (clopidogrel, rivaroxaban, oswa lòt)
- Pran anpil medikaman chimyoterapi
- Pran remèd fèy Sen Jean (St. John's wort - an Anglè)

Gen lòt opsyon efikas pou pasyan ki gen COVID-19 ki pa ka pran Paxlovid. Kontakte ekip swen ou an pou w konprann ki pi bon opsyon ou ta ka ye.

Kiyès ki kalifye pou Lagevrio?

Terapi Lagevrio disponib pou pasyan ki gen laj 18 an oswa plis ki:

- Gen sentòm COVID-19 EPI
- Nan lespas 5 jou depi lè sentòm yo kòmanse
- Pa ansent EPI
- Gen yon [kondisyon sante](#) ki fè yo gen plis chans pou yo gen yon enfeksyon COVID-19 grav.

Tanpri chonje: Gen kèk konsiderasyon adisyonèl pou pasyan yo ak patnè yo ki kapab vin ansent. Tanpri tcheke avèk doktè ou sou bezwen pou planin (kontrasepsyon).

Èske medikaman sa yo chè pou mwen?

Okòmansman, gouvènman Etazini an te kouvri medikaman sa yo, men kounye a yo distribye yo nan domèn komèsyal, kidonk ou ka gen yon kopeman siyifikatif. Gen kèk [pwogram](#) ki ka ede w peye pou Paxlovid epi si w gen yon kopeman ki wo. [Kouman pou mwen jwenn Paxlovid oswa Lagevrio si mwen gen COVID-19?](#)

Si w panse ou ta ka elijib pou tretman, tanpri kontakte ekip swen prensipal ou oswa swen espesyalize w. Yo ka preskri tretman.

Pou moun ki abite Massachusetts, gen yon [pwogram telesante gratis pou jwenn tretman oral pou COVID-19](#). Yo ofri sa atravè Depatman Sante Piblik. [Ou ka kòmanse sou sit entènèt yo](#). Orè yo se 8 am a 10 pm chak jou. Sèvis yo disponib an [Angle](#), [Panyòl](#), [Kreyòl Ayisyen](#), ak [Pòtigè](#). Jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon pwogram ak Paxlovid sou sitwèb [mass.gov](#).

Remdesivir

Remdesivir se yon medikaman FDA apwouve ki entèfere ak fason viris COVID-19 la repwodui. Li ka ede moun ki gen COVID-19 refè pi vit epi redwi chans pou yo devlope COVID-19 grav.

Ki jan yo bay Remdesivir?

Yo administre Remdesivir pa 3 pèfizyon entravenez (IV) chak jou. Se pa yon grenn.

Ki lè yo ta dwe bay Remdesivir?

Remdesivir fonksyone pi byen lè yo administre li bonè omwen nan lespas sèt premye jou [sentòm](#) yo. Si w deja ap amelyore, tretman an petèt pa nesèsè.

Èske mwen ka resevwa tretman Remdesivir si mwen te vaksinen epi answit mwen te kontrakte COVID-19? E si mwen pa te vaksinen?

Ou ka pran Remdesivir si w te pran oswa ou pa te pran vaksen pou COVID-19. Ou dwe satisfè kritè elijibilite yo.

A ki pwen terapi Remdesivir lan bon?

Yo montre Remdesivir diminye chans pou yon moun entène lopital pa 82% epi li ede moun amelyore pi vit.

Kiyès ki kalifye pou pran Remdesivir?

Remdesivir disponib pou pasyan ki gen laj 12 an oswa plis ki:

- Peze omwen 40 kg E
- Gen sentòm COVID-19 E
- Nan lespas 7 jou depi lè sentòm yo kòmanse EPI
- Gen yon [kondisyon sante](#) ki fè yo gen plis chans pou yo gen yon enfeksyon COVID-19 grav.

Èske Remdesivir chè pou mwen?

Okòmansman, gouvènman Etazini an te kouvri medikaman sa a, men kounye a yo distribye li nan domèn komèsyal, kidonk ou ka gen yon kopeman konsiderab.

Kouman pou mwen resevwa Remdesivir si mwen gen COVID-19?

Si w panse ou ka elijib, tanpri kontakte founisè swen prensipal ou oswa espesyalis la. Yo ka refere w pou tretman. **Tanpri sonje ke akòz rezèv la limite nan plas yo bay terapi IV, se pa tout pasyan yo refere yo pral kapab resevwa tretman an.**

Pa ale nan swen ijan oswa sal dijans oswa pou nenpòt nan terapi sa yo. Yo pa disponib nan kote sa yo. Gen klinik espesifik ki fèt pou bay terapi sa a.

[Yo te refere m pou terapi sa a. Kisa k ap pase apre?](#)

Nou gen yon kantite limite Remdesivir ki disponib. Si w kapab resevwa terapi a, n ap kontakte w avèk enfòmasyon ak enstriksyon yo. Pou pasyan ki sou Patient Gateway, n ap voye yon mesaj sou Patient Gateway si nou detèmine ke nou pa ka ofri tretman an. Si ou pa gen aksè a remdesivir, ou ka vle pran youn nan tretman yo sou fòm grenn, ki pi wo a.

Mizajou 20 desanm 2024